



Men Kèk Enfòmasyon

Fason pou Pwoteje Tèt Ou Tik ak Moustik

Moun ki travay deyò nan lanati ka ekspoze nan maladi vektè simaye lè tik oswa moustik ki enfekte mòde yo. Tik ak moustik ka gen bakteri, parazit oswa viris.

Youn nan maladi ki komen tik yo simaye Ozetazini se maladi Lyme. Yo jwenn tik yo nan zòn ki gen rak bwa, zèb ki wo, oswa fèy sèch. Yo pi aktif pandan sezon prentan, lete ak lotòn, men nan zòn ki pi cho yo, yo ka aktif pandan tout ane a.

Youn nan maladi ki pi komen moustik yo simaye Ozetazini se enfeksyon viris Nil Oksidantal. Yo ka jwenn moustik yo toupre dlo-dòmi, oswa nan zòn ki gen anpil zèb oswa rak bwa. Anjeneral, yo pi aktif nan maten anvan solèy la leve nan mwa ki pi cho yo.

Sentòm Maladi Vektè Simaye

- Doulè nan kò/miskilati
- Doulè nan jwenti
- Lafyè
- Po kò vin wouj
- Maltèt
- Kou rèd
- Fatig
- Paralizi

Kontwòl Espas Travay

Diminye popilasyon tik yo:

- Retire fèy sèch yo.
- Retire, koupe, oswa rache zèb ak ti pyebwa long yo.
- Dekouraje aktivite sèf yo.

Elimine dlo-dòmi yo pou diminye popilasyon moustik yo:

- Retire, chavire, kouvri, oswa estoke ekipman yo.
- Retire debri ki nan fose yo.
- Mete ranblè nan zòn ki rasanble dlo-dòmi yo.
- Mete twou drenaj nan resipyan ki rasanble dlo, epi ki pa kapab koule.



*Moustik (agòch) ak tik
(devan kat la) ka gen
bakteri, parazit oswa viris.*

*Imaj la se yon koutwazi
Depatman Agrikilti Etazini*

Pwoteje Tèt Ou

- Mete yon chapo ak rad ki gen koulè pal (pou ka remake tik yo pi fasil), tankou chemiz manch long ak pantalon long ki foure nan bòt oswa nan chosèt.
- Itilize pwodui pou pouse ensèk yo.
 - Itilize pwodui pou pouse ensèk ki gen 20–50% DEET sou po ak rad ki ekspozè a.
 - Re-pase pwodui pou pouse ensèk jan li nesèsè. (Toujou swiv eksplikasyon ki sou etikèt pwodui yo).
- Itilize ensektisid tankou pèmetrin pou jwenn pi plis pwoteksyon.
 - Ou kapab itilize pèmetrin sou rad ou, men pa sou po ou.
 - Si ou pase yon fwa sou pantalon, chosèt, ak soulye, li ka efikas apre plizyè lesiv.
- Tcheke po ak rad ou chak jou pou wè si gen tik. Tcheke cheve ou, anba-bra ou, ak lèn ou.
- Retire tik yo imedyatman avèk pensèt ki gen pwent fen.
 - Ponyen tik la sere, toupre po ou otank posib.
 - Redi kò tik la sou po ou avèk yon mouvman estab.
 - Netwaye zòn nan avèk savon ak dlo.
- Lave epi seche rad travay ou avèk reglaj ki “cho” pou touye nenpòt tik ki ladan.
- Si ou gen sentòm yon maladi vektè simaye, chèche swen medikal touswit. Fè doktè ou konnen ou travay deyò nan lanati, epi fè li konnen tik oswa moustik mòde ou.

DEPATMAN SANTE AK SÈVIS SOSYAL
Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi
Enstiti Nasyonal pou Sekirite ak Sante nan Travay

www.cdc.gov/niosh/topics/outdoor/

Piblikasyon DHHS (NIOSH) Nimewo 2010–119

Telephone: 1–800–CDC–INFO
TTY: 1–888–232–6348
Imèl: cdcinfo@cdc.gov



NIOSH